

# PWOTEKSYON DLO NOU AN:

## *Pwogram Kontwòl Fonksyon Fotif Minisipalite Vil Nouyòk*

### ENTWODIKSYON:

Depatman Pwoteksyon Anviwònman (DEP) Minisipalite Vil Nouyòk gen responsablite pou ofri san rete yon apwovizyonman dlo potab ki pwoteje ak pwòp pou plis pase nèf (9) milyon rezidan ak vizitè toupatou nan Vil ak Eta Nouyòk. Pou pwoteje sistèm alimantasyon an dlo potab vil Nouyòk kont kontaminasyon, DEP genyen yon pwogram kontwòl dinamik dlo a epitou li pran echantyon dlo a regilyèman toupatou nan vil la pou asire tout estanda enpòtan leta ak federal yo satisfè.

DEP ap travay tou pou anpeche kontaminasyon anvan sa fèt. Li asire biznis lokal yo konfòme yo avèk tout kòd enpòtan vil la ak leta. Yon eleman enpòtan aplikasyon sa a ak inisyativ enspeksyon an se Pwogram Kontwòl Jonksyon Fotif DEP, ki

egzije sèten biznis pou yo enstale ak opere sèten biznis pou yo enstale ak opere diskonektè idwolik ak aplike Seksyon 5-1.31 Pati 5 Kòd Sanitè Leta ak Tit 15, Chapit 20 Règ Vil Nouyòk.

### KISA YON DISKONEKTÈ IDWOLIK YE?

Diskonektè idwolik yo anpeche dlo kontamine oswa sibstans chimik koule an sans kontrè nan apwovizyonman dlo potab la si ta genyen yon chanjman toudenkou oswa sanzatan nan presyon dlo a. Si yon pwopriyete bezwen yon diskonektè idwolik, yo dwe enstale li sou tout liy sèvis dlo a nan pwopriyete a. Moun ki kapab idantifye diskonektè idwolik ki apwopriye se yon Enjenyè Pwofesyonèl (PE), Achitèk Agreye



New York City Department of  
Environmental Protection  
[www.nyc.gov/dep](http://www.nyc.gov/dep)



(RA) oswa Plonbye Pwofesyonèl Lisansye (LMP).

## KI KALITE PWOPRIYETE KI DWE ENSTALE DISKONEKTÈ IDWOLIK YO?

Sof si yo resevwa yon dispans espesifik nan DEP, kalite biznis ki anba la yo genyen obligasyon pou itilize diskonektè idwolik:

- Operasyon Plakaj Metalik
- Lokal kote yo fè Tretman Foto
- Lavri ak Presing
- Lavaj Otomatik Komèsyal
- Akimilatè Chalè Solèy (Sè)
- Lopital, Klinik ak Laboratwa (Avèk Lopital Veterinè tou)
- Klinik Medikal ak Dantè
- Palwa Finèb
- Izin Transfòmasyon Manje, ak Gwosis Vyann ak Pwason
- Izin Tenti
- Fabrikan Papye
- Atelye Reparasyon Oto
- Brasri
- Tànri
- Ekstèminatè
- Gwo Bilding Rezidansyèl ki genyen Aparèy Chofaj Dlo Trete
- Izin Tretman Dlo Ize oswa Lokal Anbalaj
- Bilding ki genyen Plizyè Liy Sèvis Dlo
- Bilding ki genyen Tank sou Twati ak Chatodo
- Fabrik Konsèp
- Chantye Naval ak Marina
- Lekòl ak Kolèj
- Izin Transfòmasyon Manje
- Mezon Retrèt
- Salon Kwafi ak Salon Bote
- Pwopriyete ki genyen Awozè Irigasyon ki Anba Tè

Si kalite pwopriyete ou oswa biznis ou pa endike nan lis ki anwo la a epi si ou genyen kesyon espesifik sou kondisyon legal, tanpri rele 311 epi y ap transfere apèl ou ba yon reprezantan apwopriye DEP.

## KIJAN POU MWEN KONFÒME MWEN AVÈK LALWA?

1. Toudabò, ou dwe anboche yon Enjenyè Pwofesyonèl (PE) oswa yon Achitèk Agreye (RA) pou prepare de (2) seri plan prevansyon refoulman dlo pou pwopriyete ou. Ou dwe soumèt plan sa yo avèk de (2) fòm aplikasyon nan Inite Kontwòl Jonksyon Fotif DEP pou jwenn apwobasyon. Si yo apwouve ou, DEP ap ba ou notifikasyon sou sa pa lapòs epitou l ap retounen yon kopi plan yo ba PE oswa RA ou.
2. Se yon Plonbye Pwofesyonèl Lisansye (LMP) ki dwe enstale diskonektè idwolik la dapre sa ki nan plan DEP

apwouve yo. Enstalasyon an dwe annakò avèk règleman ak egzijans Depatman Bilding vil Nouyòk.

3. Depi diskonektè idwolik la enstale, yon Kontwòlè Diskonektè Idwolik Sètifye Leta Nouyòk dwe teste li. Pou jwenn yon lis Kontwòlè Sètifye Leta, kontakte Depatman Sante Leta nan (800) 458-1158, estansyon 27650.
4. Depi tès la fèt, ou dwe voye yon rapò tès imedyatman nan DEP (nan 30 jou ki vini apre enstalasyon an). Sizoka enstalasyon an pa kòrèk, DEP ap notifiye oumenm oswa PE/RA ou. Diskonektè a ap bezwen fikse ak re-soumèt pou enspeksyon ak sètifikasyon.
5. Diskonektè idwolik dwe byen antreteni, epitou li yon kontwòlè sètifye kapab teste ak enspekte li chak ane.

Si ou kwè pwopriyete ou gen dispans pou kondisyon prevansyon refoulman dlo, ou dwe anboche yon PE, yon RA oswa yon LMP pou soumèt yon demann fòmèl dispans.

W ap jwenn tout fòm aplikasyon, fòm rapò tès ak fòm dispans sou Entènèt nan sit wèb [www.nyc.gov/dep](http://www.nyc.gov/dep).

## LÒT KESYON

Si ou genyen nenpòt kesyon konsènan Pwogram Kontwòl Jonksyon Fotif, tanpri rele 311.

New York City Department of Environmental Protection  
59-17 Junction Boulevard, Flushing, NY 11373

Michael R. Bloomberg, Mayor  
Cas Holloway, Commissioner